

# Lwa a

## Lwa Nasyonal konsènan Relasyon Travay

Nan ane 1935, Kongrè a te adopte Lwa Nasyonal konsènan Relasyon Travay (National Labor Relations Act, NLRA), pou endike aklè se politik Etazini pou ankouraje negosyasyon ant patwon ak travayè yon fason pou pwoteje tout libète asosyasyon travayè yo. NLRA pwoteje demokrasi nan espas travay. Pou fè sa, li bay anplwaye yo ki nan espas travay sektè prive a dwa enpòtan pou yo chèche pi bon kondisyon travay ak deziyasyon reprezantasyon san laperèz vanjans.

## Kisa Lwa a ye?

Lwa Nasyonal konsènan Relasyon Travay pwoteje pifò anplwaye yo kit espas travay la sendike kit li pa sendike. Ale nan paj sa a pou aprann plis sou grèv, aktivite prepare, itilizasyon medya sosyal anba NLRA, kotizasyon sendika, ak plis lòt.

---

## Nòm Jiridiksyonèl

Konsèy Administrasyon an gen jiridiksyon legal sou patwon sektè prive ki gen aktivite nan komès ant eta yo ki depase yon nivo minimal. Apre kèk ane, li te mete anplas nòm pou revandike jiridiksyon, ki dekri anba a.